

# YON GID POU PARAN AK GADYEN SOU Kritè ak Evalyasyon Preparasyon pou Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl



## Ki sa jèn yo bezwen fè pou yo byen prepare pou lavi apre ayskoul (lekòl segondè)?

Reflechi sou jan yon atlèt bezwen konnen ki lè pou l fè yon gwo aksyon, oubyen jan yon mizisyen oblige li patisyon, oswa jan yon mason bezwen plan-kay avan yon konstriksyon kòmanse. Jounen jodi a, elèv yo ap prepare tèt yo pou yo kapab avanse pi lwen nan inivèsite ak karyè pwofesyonèl. Sa vle di y ap kapab rantre nan yon sal klas inivèsite, yon andwa travay, oswa yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl ak zouti pou takle prèske tout kalite obstak ki ka parèt sou chimen yo.

## Ki sa ki zouti pou siksè?

Elèv ki gen bon baz pou inivèsite ak karyè pwofesyonèl, yo gen, pami divès lòt bagay, konpetans nan matyè-de-baz, metriz teknik aprantisay epi konesans pratik ki ap pèmèt yo byen navige pasaj yo nan nivo siperyè, swa inivèsite, swa karyè. Anseyan nan eta w la detaye yo lè yo kreye definisyon sou Pare pou Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl.

## Ki sa Kritè Preparasyon pou Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl ye?

Plis pase karant eta adopte nouvo kritè akademik ki konsantre sou refleksyon kritik, estrateji rezolisyon pwoblèm ak kapasite rezònman. Abilite ak konesans sa yo ki rele Kritè Etatik Twon Komen, yo dekri sa elèv oblige metrize chak ane nan lang angle ak matematik. Nouvo kritè sa yo ekzije nouvo egzamen ki gen rapò ak nouvo ladrès elèv ap aprann nan lekòl. Konpozisyon sa yo ap sèvi tankou evalyasyon pou fè pwofesè ak paran konnen ki jan elèv ap avanse epi si yo pare pou pwochen etap. Konpozisyon sa yo ap ranplase ansyen egzamen leta sou lang angle ak matematik.





## EVALYASYON

Asosyasyon Evalyasyon Smarter Balanced se yon gwoup eta ki reyini anseyan ak lòt ekspè ansanm pou yo ka devlope egzamen kalite siperyè ki chita sou Kritè Twon Komen Eta yo. Eta yo ak anseyan yo devlope nouvo egzamen sa yo nan bi pou yo bay pwofesè ak paran enfòmasyon pi solid pou yo ka soutni pwoesisis aprantisay elèv yo pi byen. Pwofesè yo bezwen konprann ki jan elèv ap travay pou metrize abilite ak konesans difisil sa yo. Egzamen sa yo bay pwofesè yo koutmen pou yo ka anseye ak konpreyansyon sou diferan fason elèv ap aprann byen epi y ap satisfè diferan bezwen tout elèv genyen.

Pou aprann plis sou evalyasyon Smarter Balanced, branche sou sit entènèt  
[www.smarterbalanced.org](http://www.smarterbalanced.org)

## RESOUS

**Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon pou ede pitit mwen an?**

Al vizite lekòl pitit ou a epi pale ak anseyan piti ou a oswa direktè/direktris lekòl la.

Repase enfòmasyon sou sit entènèt sa yo:

- Revisi Twon Komen (Achieve the Core)  
[achievethecore.org](http://achievethecore.org)
- Asosyasyon Nasyonal Paran-Anseyan (National Parent Teacher Association)  
[www.pta.org](http://www.pta.org)
- Vin Fè yon Ewo pou Aprantisay (Be a Learning Hero)  
[www.bealearninghero.org](http://www.bealearninghero.org)

